# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–24 जून 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि ऑपरेसन सिंदूर भारत क आतंकवाद के कतई बरदास्त न कइले क नीति के बारे में कड़ेर वैस्विक सनेसा दिहले हौ। उहां के कहलीं कि आजु क भारत देस हित में कड़ेर फैसिला लेला।

*दुनिया ने यह भी देखा है कि भारत का सामर्थ्य क्या है। ऑपरेशन सिंदूर आतंकवाद के खिलाफ भारत की कठोर नीति को दुनिया के सामने एकदम स्पष्ट कर दिया है। हमने दिखा दिया है कि भारतीयों का खून बहने वाले आतंकियों के लिए कोई भी ठिकाना सुरक्षित नहीं है।*

श्री मोदी देस के दुइ गो महान आध्यात्मिक अउर नैतिक व्यक्तित्व श्री नारायण गुरू अउर महात्मा गांधी के बिच्चे भइल इतिहासिक संवाद पर आजु नई दिल्ली में आयोजित सताब्दी समारोह के सम्बोधित कइलें। येह मौका पर प्रधानमंत्री कहलें कि श्री नारायण गुरू क आदर्स मानवता बदे अमूल्य धरोहर हौ। उहां के श्री नारायण गुरू के देस अउर समाज के सेवा में लागल लोगिन बदे रोसनी क किरण बतवलीं। प्रधानमंत्री कहलें कि एक सताब्दी पहिले शिवगिरी मठ में श्री नारायण गुरू अउर महात्मा गांधी के बिच्चे भइल इतिहासिक बातचीत स्वतंत्रता आन्दोलन के नया दिसा दिहलस अउर विकसित भारत के दिसा में देस के प्रेरणा दीहलस। उहां के कहलीं कि ई प्रेरणा देस के सबका साथ, सबका विकास के राहि पर आगे बढ़ा रहलि हौ।

**********

गृह मंत्री अमित शाह के अध्यक्षता में आजु बनारस जिला में मध्य क्षेत्रीय परिषद क पचीसवां बइठकी आयोजित कइल गइल। बइठकी में प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, मध्य प्रदेश क मुख्यमंत्री मोहन यादव, उत्तराखंड क मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी अउर छत्तीसगढ़ क मुख्यमंत्री विष्णुदेव साय के सथहीं येह सज्जो प्रदेसन क कई गो मंत्री अउर अधिकारी लोगि हिस्सा लिहलें। बइठकी के दौरान राज्यन के बिच्चे समन्वय, विकास क कई गो आयाम, सुरक्षा, स्वास्थ्य अउर पर्यटन जइसन खास बिसयन पर चरचा भइल। बइठकी वाले जगहि पर जीआई उत्पादनों क परदरसनी लगावल गइल।

बइठकी के बाद एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द मोदी सहकारी अउर प्रतिस्परधी संघवाद के देस के सर्वांगीण विकास क मजबूत जरिया बतवले हवें। येही क्रम में क्षेत्रीय परिषद क बइठकी में हिस्सा लिहल गइल।

**********

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु नोएडा में एमिटी विश्वविद्यालय क एगो सैक्षणिक कार्यक्रम में हिस्सा लिहलिनि। येह दौरान उहां के अपने सम्बोधन में उच्च सिक्षा से ले के प्राइमरी सिक्षा तक के चुनौतियन पर गम्भीर चरचा कइलीं। कार्यक्रम के सम्बोधित करत राज्यपाल कहलिनि कि लइकन क हर समेस्या के सुनल अउर ओकर समाधान सुनिस्चित कइल हमनी जिम्मेदारी हौ। गांवन क बेटियन के सिक्षा क चरचा करत राज्यपाल कहलिनि कि कुछु माता–पिता अपने लइकनिनि के स्कूल भेजे खातिर तइयार नाहीं होलें। ई गम्भीर चिंता क बिसय हौ। लइकनिनि के स्कूल भेजे बदे अइसन माता–पिता क काउंसिलिंग कइल जाये के चाही। नौजवानन क आवाहन करत राज्यपाल कहलिनि कि ऊ समाज क समेस्या के समझें अउर बदलाव बदे पहल करत आपन जिम्मेदारी निभावें।

**********

विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना आजु अजोध्या पहुंचि के श्रीरामलला क दरसन–पूजन कइलें। येह दौरान सर्किट हाउस पहुंचले पर भारतीय जनता पारटी क नेता लोगि उनकर स्वागत कइलें। उन्हें गार्ड ऑफ ऑनरो दीहल गइल।

**********

बिहने पूरा देस में संविधान हत्या दिवस मनावल जाई। एगो रिपोर्ट–

*पिछले साल सरकार ने 25 जून को संविधान हत्या दिवस के रूप में घोषित किया था, ताकि आपातकाल के दौरान सत्ता के घोर दुरुपयोग के खिलाफ लड़ने वाले सभी लोगों के महान योगदान को याद किया जा सके और भारत के लोगों को भविष्य में सत्ता के ऐसे घोर दुरुपयोग का समर्थन न करने के लिए प्रतिबद्ध किया जा सके। 25 जून 1975 को एक तानाशाही मानसिकता दिखाते हुए तत्कालीन सरकार ने 18 महीने के लिए देश पर आपातकाल थोप दिया था। लाखों लोगों को बिना किसी गलती के सलाखों के पीछे डाल दिया गया और मीडिया की आवाज को खामोश कर दिया गया। संविधान हत्या दिवस का उद्देश्य उन लाखों लोगों की भावना को सम्मान करना है, जिन्होंने एक दमनकारी सरकार के हाथों अकथनीय उत्पीड़न का सामना करने के बावजूद, लोकतंत्र को पुनर्जीवित करने के लिए संघर्ष किया। अनुपम मिश्र, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।*

**********

प्रदेस के जियादेतर जिलन में रूकि–रूकि के गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क सिलसिला जारी हौ। प्रदेस के सज्जो पूरबी जिलन में बादर छवले हौ। बरखा के नाते तापमान में गिरावट दरज कइल गइल, जेहसे लोगिन के भीसण गरमी से राहति मिलल हौ।

**********